



Haverhill Public Schools

Office of the Superintendent

10 Fevriye 2021

Chè Paran/Gadyen,

Nou kontan enfòm ou sou patisipasyon Lekòl Piblik Haverhill nan So Lete Massachusetts de Alfabetizasyon Bileng (Massachusetts State Seal of Biliteracy) pou ane lekòl 2020-2021. So de Alfabetizasyon Bileng se pou nenpòt elèv ki demontre konpetans nan lang angle ak nenpòt lòt lang, kit yo pale lang ki pa angle lakay yo, kit yo aprann li nan lekòl la oswa nan kominote a. So Lete Massachusetts de Alfabetizasyon Bileng gen pou objaktif pou:

- (a) Ankouraje elèv yo etidye ak metrize lot lang;
- (b) Sètifye reyalizasyon ladrès alfabetizasyon bileng;
- (c) Rekonèt valè divèsite nan lang;
- (d) Bay patwon yo yon metòd pou idantifye moun ki gen ladrès langaj ak alfabetizasyon bileng ;
- (e) Bay inivèsite yo yon metòd pou rekonèt epi bay aplikan yo kredi lefeteke yo atenn konpetans wo nivo nan lot lang;
- (f) Prepare elèv ki gen don k a pral benefisye yo nan mache travay la ak nan sosyete mondyal la; ak
- (g) Ranfòse kominikasyon ant gwoup yo epi onore plizyè kilti ak lang nan yon kominote. *

Lekòl Piblik Haverhill nan vle rekonèt ak onore fòs lengwistik yo epi selebre akonplisman elèv nou yo ki te etidye ak demontre ekselans nan omwen de lang pou prepare pou pwochen etap yo nan yon sosyete mondyal.

Pou jwenn So de Alfabetizasyon Bileng la, elev yo dwe:

- (a) Demontre yon wo nivo de konpetans nan lang angle pa ranpli youn nan bagay sa yo:
 - 1. Jwenn yon nòt 240 oswa pi wo sou Klas 10 Legacy ELA MCAS la (472 sou Next-Gen MCAS) oswa
 - 2. Jwenn yon nòt 220 oswa pi wo sou Klas 10 Legacy ELA MCAS la (455 sou Next-Gen MCAS) epi ranpli yon Plan Konpetans Edikasyon
 - 3. Yo bay ACCESS pou ELL a elev k ap apran angle chak ane epi yo ka itilize l pou satisfè kritè yo nan lang angle pou So Lete de Alfabetizasyon Bileng. Elèv yo dwe demontre konpetans nan angle nan ACCESS pou ELL avèk yon nòt jeneral omwen nivo 4.2 ak yon nòt alfabetizasyon konpoze omwen nivo 3.9.
- (b) Demontre yon wo nivo de konpetans nan yon lang etranje pa jwen yon nòt minimòm ekivalan a entèmedyè-segondè sou yon evalyasyon apwouve pa leta.

Nou paka tan pou n onore konpetans lang lan ak divèsite nan distri nou an atravè inisyativ sa a. Si ou gen nenpòt lòt kesyon, tanpri kontakte Heidi Perez, sipèvizè klas K-12 Pwogram Aprantisaj Anglè nan (978) 420-1933 oswa Jami Dion, sipèvizè konseye lekol la de klas K-12 nan (978) 374-5700.

Sensèman,

Margaret Marotta

Margaret Marotta, Ed.D.
Superintendente de Escolars

